

Popular Tourist Attractions

Shona transcript:

Nzvimbo dzekushanya kuZimbabwe

Zvakanakai. Ahh kuZimbabwe ndingati kune nzvimbo dzakawanda dzekushanya. Ndingati nzvimbo yekutanga inozivakanwa zvikuru iVictoria Falls. Inzvimbo yedzimwe dzinonzi Seven Wonders of the World. Inzvimbo ine mukurumbira, nyika dzese pasi rese. Kunzvimbo uku ndingati kune mapopoma emvura. KuVictoria Falls zvekare inzvimbo yandingati muZimbabwe ndiko kwaunowana mahotera nemalodges akawanda zvikuru. Ndingati kune competition huru ndichitarisa nyaya dzemahotera. Ndiyo nzvimbo yaunowana mahotera akanaka zvikuru. Uye kuVictoria Falls ndiko kwakaganhurana neZambia. Saka vari kuZambia vanokwanisa kuuyawo vachizoon. Saka inzvimbo zvikuru uye mapopoma nezvimwe zvakanwanda zvinoshamisa zviriko.

Ko zoitawo nzvimbo dzakaita sana eeh Great Zimbabwe. Eeh Great Zimbabwe ndingati eeh vamwe vanoiti dzimba dzemahwe kunova iko kwakabva zita renyika yedu rinonzi Zimbabwe. inowanikwa kuMasvingo. KuMasvingo uku ndingati inzvimbo kune dzimba dzakavakwa nemabwe. Pachikaranga vangati mahwe. Nekuti vakuru vedu vakare vaitora dombo vobva vanyatsakurigadzira gadzira zvakanaka vobva variita kuti dzive dzimba. Saka inongovawo nzvimbo inoshamisa nekuti vanga vasati vava nezvatinoshandisawo mazuvano kuti kana uchida kugadzirisa chinhu. Vaishandisawo rimwe dombo kana kuti simbi yavanenge vangowanawo, zvinongoshamisa. Kozoita ikoko tiri zvekare kugreat Zimbabwe ikoko kunewo inonzi Lake Mutirikwi nana Mutirikwi Park vana Kyle National Park variko ikoko. Saka ndozvimwewo futi zvinonakidzawo ikoko kana munhu akaenda kunzvimbo dzakaita sana Great Zimbabwe. Unozokwanisa kuendawo kune zvatinoti boating.

Kozoitawo tine dzimwe nzvimbo dziri kunana Mutare kunonzi kuEastern Highlands. Ndodzimwe nzvimbo dzinofarirwa kuendwa nevanhu. Kune makomo anoyevedza. Inzvimbowo inogara ichiwana mvura yakati oh saka kunogara kune zvakanwanda zvinonakidza; uye kune gomo rinofarirwa kukwirwa nevanhu ikoko rinonzi Mount Inyangani. Saka vanhu vanofarira kungokwira gomo iroro vachindosviukawo pamusoro. Nderimwe remakomo akati kureiwo muZimbabwe.

Kozoitawo tine dzimwe nzvimbo dzakaita sana Kariba. KuKariba kune dhamu ririko kunova ndiko kunobvawo magetsi anoitwawo muZimbabwe rese. Ndingati kune bridge ririko. Mavakirwe arakaitwa anongoshamisa vanhu vakati wandei saka vanhu zvinovanakidza kuenda vachinoona rinongoyevedza. Munongozivawo. Kozoitawo dzimwe nzvimbo dzakaita sana Hwange National Park. Ndiyo imwe futi nzvimbo ine... eeh ndingati ndiyo nzvimbo hombe. Ndiyo National Park hombe yeduwo muZimbabwe. Ndiko kwaunowanawo mhuka dzakanwanda-wanda sana shumba, nzou dzinova ndidzo kazhinji dzinofambirwa nevazhinji. Nedzimwewo dzakaita sana giraffe nana cheetah wo zvinhu zvinongowanikwawo imomo. Kune dzimwewo nzvimbo dzine zvakanwanda zvirimo but ndingati ndidzo nzvimbo dzakanyanyowanda.

Kozoitawo inonzi Chinhoyi Caves. Inzvimbowo ine macaves akangoti siyanei zvnongofadza vanhu kuti shuwa cave iri rakaita sei uye ionzvimbo yaigara vakuru vedu makare. Kune zvaingoitikawo makare asi mazuvano zvava kuita zvichipera zvekuyera. Kune mvurawo iriko yakanyatsosvibira yakaita kablu. Saka ndozvimwe zvinoita zvichingoonekwawo ikoko. Kune nzvimbo dzakawanda zvikuru dzekuti munhu anoda kushanya Asi tine dzimwewo nzvimbo dzakaita sana Gona rezhou dzokuti munhu anokwanisawo kushanya.

English translation:

Alright. Aah, in Zimbabwe, I would say that there are many places to visit. One of the most popular tourist attractions is the Victoria Falls. This is one of the Seven Wonders of the World. At the Victoria Falls, you can enjoy the beautiful waterfalls, and there are lots of luxurious hotels and lodges. There is a huge competition among hotels in that area; it is also the place where you will find the most comfortable hotels. Also, Victoria Falls is at the northern border with Zambia, hence Zambians also visit the falls because it is close by. This is a huge tourist attraction with a lot of activities to do around the area.

Then there is, eeh, Great Zimbabwe. Eeh, Great Zimbabwe, also known as “House of Stones;” this is where the name “Zimbabwe” originated from. The Great Zimbabwe is in Masvingo.¹ In the *Karanga*² dialect, stones are called *mahwe*, hence the name Great Zimbabwe. When building houses, our ancestors would carefully craft the stone and then use it to build houses. This makes this attraction magnificent because of the use of ordinary stones in the times before modern building materials. They would use any stone or metal that they could find. It’s amazing. Also, in Masvingo, you will find Lake Mutirikwi, Mutirikwi Park, and Kyle National Park. These are more great places to visit if you are around the Great Zimbabwe area. You can also go boating on the lake.

Another place to visit is Mutare, in the Eastern Highlands region. This is another popular place to visit. There are beautiful mountains in that region; the area also receives high amounts of rainfall, hence it is always beautiful. Visitors to this region enjoy hiking Mount Inyangani; people climb to the peak of the mountain. This is one of the highest peaks in Zimbabwe.

Then there is Kariba. In Kariba, there is the Kariba Dam; this is where most of our electricity in Zimbabwe is generated. There is also a bridge at this dam. The architecture is incredible, hence lots of people visit and enjoy the beautiful buildings. Then there are places like Hwange National Park. This is also another place with... eeh, it is a large tourist area. It is the largest national park in Zimbabwe. You will find plenty of animals there, such as lions, elephants, and many people visit to see these powerful animals. You can also find giraffes and cheetahs.

We also have the Chinhoyi Caves. This place has natural caves that are distinct in shape and form and some of our ancestors also lived there. There you will find the popular blue pool with

¹ Masvingo is a town in the southeastern part of Zimbabwe, the capital of Masvingo Province.

² *Karanga* is one of the Shona dialects spoken in the southeastern part of the country.

still, blue water. There are many places for anyone who wishes to visit Zimbabwe. We also have the Gonarezhou, another national park that you can visit.

About CultureTalk: CultureTalk is produced by the Five College Center for the Study of World Languages and housed on the LangMedia Website. The project provides students of language and culture with samples of people talking about their lives in the languages they use every day. The participants in CultureTalk interviews and discussions are of many different ages and walks of life. They are free to express themselves as they wish. The ideas and opinions presented here are those of the participants. Inclusion in CultureTalk does not represent endorsement of these ideas or opinions by the Five College Center for the Study of World Languages, Five Colleges, Incorporated, or any of its member institutions: Amherst College, Hampshire College, Mount Holyoke College, Smith College and the University of Massachusetts at Amherst.

© 2013 Five College Center for the Study of World Languages and Five Colleges, Incorporated